# MATERI BASA JAWA
# KELAS 9 SEMESTER GANJIL

**KD 3.1 TEKS LAPORAN ASIL OBSERVASI**

PERTEMUAN KE-1

# TEKS LAPORAN ASIL OBSERVASI

# TEGESE TEKS LAPORAN ASIL OBSERVASI

❖Teks laporan asil observasi yaiku:  teks kang nerangake utawa ngandharake laporan ngenani asil observasi kang wis ditindakake marang sawijining barang, kahanan utawa objek tartamtu.

❖Observasi yaiku: pengamatan utawa panaliten.

❖Tujuan anane teks laporan observasi yaiku: kanggo menehi informasi ngenani panaliten kang wis ditindakake dening paneliti (observer).

# STRUKTUR TEKS LAPORAN ASIL OBSERVASI



Dhefinisi umum/ Idhentifikasi

Yaiku perangan utawa bagean sing nerangake titikan (ciri-ciri), barang, tandha, lan sapanunggalane.

Dheskripsi Bagean/ Klasifikasi

Yaiku perangan sing mantha-mantha manut jinis utawa klompoke , utawa perangan sing nerangake gegambaran  sing luwih rinci.

Dheskripsi Manfaat/ Kegunaan

Yaiku perangan sing mujudake simpulan utawa dudutan saka asile observasi.

# Titikan Teks Laporan Hasil Observasi:

1. Ngandhut fakta utawa kedadeyan kang sebenere.
2. Asipat apa anane (objektif), bisa dadi sumber pawarta (informasi), lan gampang dipahami (komunikatif)
3. Ditulis kanthi sampurna lan jangkep
4. Ora ngandharake bab-bab kang ora selaras lan ngandhut prasangka.
5. Bisa narik kawigaten para maos.
6. Dicritakake kanthi basa kang becik lan cetha.

# Sipat Teks Laporan Hasil Observasi

Sipat →

**A. Apa anane (objektif)**

Tegese isi teks asil observasi salaras karo kasunyatan.

**B. Bisa dadi sumber pawarta (informasi)**

Tegese bisa didadekake minangka sumber pengalaman tumrap wong liya kang arep nindakake pengamatan babagan kang padha.

**C.Gampang dipahami (komunikatif)**

Tegese teks diandharake kanthi basa kang cetha lan gampang di mangerteni dening para pamaos.

## OBSERVASI PARTISIPATIF

Yaiku sawijine kagiyatan ngamati kang panalitine utawa pengamate ( observer) melu (terlibat) ing kagiyatan pangamatan.

## OBSERVASI NONPARTISIPATIF

Yaiku sawijine kagiyatan ngamati kang panalitine utawa pengamate ( observer) ora melu (terlibat) ing bageyan kang ditaliti.

# TULADHA TEKS

KIRTYA KACA 6-7

| Struktur Teks | Ukara |
| --- | --- |
| Dhefinisi Umum | *Sampah yaiku materi sisa kang ora dikarepake, sawise akhire dibuwang ing pambuwangan pungkasan (akhir)*. Sampah bisa ana ing saben materi: awujud padhet (*padat*), encer (*cair*), utawa gas. Sampah uga dadi masalah nomer siji ing Indonesia, saliyane pengangguran, lan sarana transportasi. Bencana banjir wis dadi langganan ana ing wewengkon tlatah Gresik, nanging isih akeh wong Gresik sing ora gelem sadhar yen mbuwang sampah iku kudu ana panggonane. Pokoke waton wuuur...buwang. senajan Indonesia |
| | iku kalebu negara kang nyedhiyani panggonan sampah ana ing ngendi-ngendi. |

| | |
|---|---|
| Dheskripsi Bagean | Khususe sampah padhet kang awujud plastik, dadi masalah lingkungan ing Indonesia. Amarga, plastik iku kalebu sampah kang angel dismusnakake. Butuh pirang-pirang taun kanggo musnahake sampah plastik kuwi. Satemene, wong-wong Indonesia sing saben dinane migunakake plastik kanggo wadhah, iki bisa nyebabake sampah plastik dadi numpuk. Apa maneh, wong Indonesia jumlahe akeh banget lan padha kurang sadhar lan kurang nguri-uri mungguh babagan mbuwang sampah ing panggonane. |

| | |
|---|---|
| Dheskripsi Manfaat | Pakulinan mbuwang samubarang sampah ing sembarang panggonan pancen isih dadi pakulinan masyarakat kita. Kamangka pukulinan ala kuwi, manut para ahli tata lingkungan kota bisa wae ndadekake salah sijine faktor kang nyebabake be-baya banjir kaya kang wis kedadean ing sawatara dhaerah lan kutha durung suwe iki. Pakulinan ala wis samesthine kudu enggal kita tinggal. |

# MATUR NUWUN